

POU : Komite Skolè Boston

SOT NAN MEN : Francesse J. Canty, Chèf Resous Imèn

KOPI POU : Rashaun Martin, Direktè Afè Retansyon,
Pwogram Kiltivasyon ak Divèsite

DAT LA : 22 novanm, 2024

SIJÈ : Mizajou Biwo Resous Imèn

Sa ban nou anpil plezi pou n pataje avè w mizajou anyèl Biwo Resous Imèn nan sou efò distri a ap fè parapò a divèsite nan anbochaj ak mendèv. Bi nou se devlope yon mendèv ki reflekte divèsite rich elèv nou yo, pou asire ke nou reponn a tout bezwen yo genyen parapò a aprantisaj.

Prezantasyon ki tache ansanm ak lèt sa a pral touche domèn kle suivan yo :

- **Divèsite Lengwistik (divèsite lang) manm pèsonèl la :** Pou pwomote yon mendèv ki reflekte orijin lengwistik elèv nou yo.
- **Divèsite Pwofesè ak Konseye Oryantasyon :** Yon lòd tribinal ki mande pou BPS atenn e kenbe yon fakilte ak manm pèsonèl dezagrege (pwofesè ak konseye oryantasyon), « konpoze de pa mwens ke 25% moun nwa ak 10% lòt minorite ».
- **Anbochaj nan Lekòl an Transfòmasyon yo :** Angajman nou pou n amelyore pratik anbochaj yo nan lekòl sa yo.
- **Amelyorasyon ki Pwopoze pou ane skolè 2025-2026 :** Yon apèsi sou strateji nou yo pou n amelyore fiti anbochaj yo.

Nou espere prezante mizajou sa a bay Komite Skolè a e pale sou kòman nou kapab kontinye avanse divèsite mendèv nan distri nou an.